

Gid Inisyasyon Rapid

Pou Telechaje epi Konekte nan Aplikasyon Mobil EVV a

PCA yo pral itilize Aplikasyon Mobil EVV a pou siyen antre ak soti pou chak orè travay. Aplikasyon Mobil EVV a dwe telechaje sou yon aparèy entelijan. Konsomatè yo p ap bezwen itilize Aplikasyon Mobil EVV a.

1 Etap 1 - Telechaje Aplikasyon EVV a

Premye fwa ou ap konekte, PCA yo pral wè ekran sa kap mande ou pou w telechaje Aplikasyon Mobil EVV a (HHAeXchange+ Aplikasyon Mobil). Tape sou **bouton** ki koresponn ak aparèy w ap sèvi a:


Si ou gen yon aparèy Apple, klike sou:




Si ou gen yon aparèy Android, klike sou:



Pa telechaje aplikasyon an san ou pa wè ekran sa.

Remak: Si ou pa wè mesaj sa, oswa si ou kòmanse itilize yon nouvo aparèy, ou dwe rele Tempus FI nan  1-877-479-7577 pou jwenn èd pou telechaje Aplikasyon Mobil EVV a.




2

Etap 2 - Enstale Aplikasyon an

Tape **Install** (Enstale) pou telechaje Aplikasyon Mobil EVV a.

Aprè telechajman an fin fèt, tape sou **Open** (Ouvri) pou ouvri Aplikasyon Mobil EVV a.



3 Etap 3 - Chwazi Lang

Chwazi lang ou ta renmen itilize a, epi tape **Apply** (Aplike).




4

Etap 4 - Chwazi Otorize Notifikasyon

Lè ou wè “HHAeXchange+” Would Like to Send You Notifications

(“HHAeXchange+” Ta Renmen Voye mesaj Notifikasyon pou Ou), tanpe **Allow** (Otorize) pou resevwa notifikasyon soti nan Aplikasyon Mobil EVV a.

Remak: Si ou pa otorize notifikasyon yo, ou pap resevwa rapèl lè yon orè travay ap fèt nan aryè plan oswa lòt notifikasyon enpòtan.




5 Etap 5 - Konekte

Ekran koneksyon Aplikasyon Mobil la pral parèt.

Tape adrès imèl ou epi nouvo modpas ou a, apre tape bouton **Log In** (Konekte) a.

Si ou fèmen li aksidantèlman, ou kapab chèche ikòn sa:



sou ekran telefòn ou pou retabli paj koneksyon sa.

Remak: Asire ou swiv etap sa yo **sou** aparèy entelijan ou pral itilize ou **EVV** a.

The screenshot shows the mobile app's login interface. At the top, the status bar displays the time 16:02, signal strength, Wi-Fi, and 50% battery. The app logo "HHAEExchange" is centered. Below it are two input fields: "Email" and "Password". A "Forgot password?" link is positioned below the password field. A prominent blue "Log In" button is highlighted with a red rectangular border. Below the button, there is a "Don't have an account?" section with a "Sign Up Here" link and a language selection dropdown menu showing "A Z". The footer contains the copyright notice "© 2023 HHAEExchange. All Rights Reserved.", links for "Privacy Policy" and "Terms of Use", and the version number "Version 23.05.01". The bottom navigation bar shows the standard Android icons.

6

Etap 6 - Pataje Lokalizasyon Ou


Premye fwa ou konekte a, yap mande w pou ou pataje lokalizasyon w.

Pou itilize Aplikasyon Mobil EVV a ou DWE aktive sèvis lokalizasyon yo.

Tape **Allow While Using App** (Otorize Pandan Itilizasyon Aplikasyon an).

Aplikasyon Mobil EVV a pap mache san sèvis lokalizasyon yo. Ou pap kapab kòmanse oswa fini orè travay ou yo.

Sa kap rive si ou pa otorize sèvis lokalizasyon yo?






Aktive Sèvis Lokalizasyon yo

Si ou pa aktive sèvis lokalizasyon yo pandan ou ap itilize Aplikasyon Mobil EVV a, mesaj erè sa pral parèt, epi ou p ap kapab siyen antre oswa soti.

Ou oblije aktive sèvis lokalizasyon yo pou Aplikasyon Mobil EVV a. Tape **Allow While Using App** (Otorize Pandan Itilizasyon Aplikasyon an).

Sèvis lokalizasyon an pèmèt Aplikasyon Mobil EVV la note lokal sèvis la kòm Lakay oswa Kominote.

Remak: Aplikasyon Mobil EVV a sèlman verifye lokalizasyon yon PCA nan moman egzat PCA a siyen antre epi nan moman egzat PCA a siyen soti nan yon orè travay. Aprann plis nan TempusUnlimited.org/EVV-support



Ou kapab aksede ak nouvo kont Aplikasyon Mobil EVV ou a epi kòmanse siyen antre ak soti nan orè travay.